

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Kota Sukabumi salah sahiji wewengkon anu miboga kasangtukung sajarah sorangan, dirojong ku alam sarta pangeusi tempatna. Kota Sukabumi miboga 7 kacamatan, anu ngawengku 33 kalurahan sarta 200 leuwih kampung. Anu kapanggih dilapangan, kampung di Kota Sukabumi aya 203 ngaran kampung. Sakitu téh teu ka asup kampung anu ngarana dumasar arah angin. Samodél conto, Kampung Bénténg kabagi dumasar arah angin, aya Bénténg Kidul, Bénténg, Bénténg Tengah. Kampung anu miboga ngaran kitu dianggap jeung kaasup Bénténg wungkul.

Ngaran kampung anu aya di Kota Sukabumi, dikelompokeun dumasar aspék hidrologi, morfogéologis, biologis jeung sosial, di antarana waé:

1. Aya 69 (34%) kampung anu ngarana kaasup aspék hidrologis, nya éta di 28 kalurahan tina 33 kalurahan di 7 kacamatan sa-Kota Sukabumi.
2. Aya 28 (13,8%) kampung anu ngarana kaasup kana aspék morfogéologis, nya éta aya di 20 kalurahn tina 33 kalurahan di 7 kacamatan sa-Kota Sukabumi.
3. Aya 23 (11,3%) kampung anu ngarana kaasup kana aspék biologis, nya éta aya di 14 kalurahan tina 33 kalurahan, sarta aya di 5 kacamtan tina 7 Kacamatan sa-Kota Sukabumi
4. Aya 83 (40,9%) kampung anu ngarana kaasup kana aspék sosial, nya éta aya di 31 kalurahan tina 33 kalurahan di 7 kacamatan sa-Kota Sukabumi.



Sukabumi asal kecap tina suka jeung bumén, suka hartina resep sarta bumén hartina imah. Jadi, Sukabumi miboga harti resep nyieun imah atawa resep dumuk. Hal éta dipangaruhan ku alam anu resik sabab deukeut jeung Gunung Gedé sarta Gunung Pangrango. Ngaran Sukabumi kaasup kana ngaran tempat dumasar kana aspék sosial. Hal ieu bisa katitén tina hasil panalungtikan, lolobana ngaran kampung di Kota Sukabumi dumasar kana apék sosial, nya éta lobana 83 (40,9%) ngaran kampung tina 203 ngaran kampung di Kota Sukabumi.

Di Kota Sukabumi loba kampung anu ngarana diganti atawa kasilep ku ayana wangunan PERUM anu sakapeung milu mangaruhan kana ngaran tempat sidsabudeureunana. Kampung anu ngarana dirobah, nya éta:

1. Kampung Begég jadi Sukawarna, Kampung Cebék jadi Sindangsari anu ayana di Kalurahan Sindangsari, Kacamatan Kamungsitu.
2. Kampung Nengéng jadi sukamaju, Kampung Jubleg jadi Sukasari anu ayana di Kalurahan Baros, Kacamatan Baros.
3. Kampung Tegalpadul jadi Tegalwangi anu ayana di Kalurahan Sukakarya, Kacamatan Warudoyong.
4. Kampung Nyangegeng jadi Waringin, ayaan di Kalurahan Jayamekar, Kacamatan Baros.
5. Kampung Sindangbaeud jadi Sindangresmi, Kampung Ceger jadi Sukamanah anu ayana di Kalurahan Babakan, Kacamatan Cibeureum.

Éta diluhur téh anu kapanggih, komo nu teu kapanggihna. Kahareupana, kampung naon deui nu bakal diganti. ogé ngaran kampung anu kasilep keu PERUM diantarana nya éta Kampung Sanggupati, Cirenik, Cigombong anu ayana di Kalurahan Karangtengah. jeung Pangaritan di Kalurahan Sindangpalay, Kacamatan Cibeureum.

Ogé aya kampung anu geus leungit, geus teu di gunakeun deui ku masarakat diantarana, nya éta Kampung, Poponyol, Padangenyang jadi Amris Permai anu ayanan di Kalurahan Jayarakasa, Kacamatan Baros. Kampung Guntai, Selakaso, Pamoyanan anu kiwari mah katelah Kampung Bantarpanjang, ayana di Kalurahan Sukakarya, Kacamatan Warudoyong.

Ayana parobahan ngaran kampung di Kota Sukabumi, lolobana dina masa Pamaréntahan Pa Udin Koswara, sok sanajan aya ogé anu kumasarakatna sorangan. Kasangukang dingantina ngaran kampung, numutkeun masarakat mah, sabab ngaran kampungna geus teu pantes alatan tempatna deukeut ka puser dayeuh atawa ka tempat karaméan. Anu dihanjakalkeun, ayana parobahan ngaran kampung ieu henteu di tatapakan ku alesan-alesan anu puguh. Sok sanajan ngaran kampung téh karunguna asa teu pantes. Padahal mah, unggal kampung miboga kasangukang sajarah sewang-sewangan, tug nepi ka dingaranan samodél kitu atawa samodél kieu.

Baherla lain jaman kiwari, kiwari téh nu kamari, kamari téh mangsa katukang tempoan nu bakal datang. Leumpang mah kahareup tong nempo katukang, nyawang can ka eunteup kudu nempo katukang.

## 5.2 Saran

Nalungtik ngaran-ngaran tempat di Kota Sukabumi tangtu loba pisan mangfaatna. Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban kasangtukang ngaran-ngaran kampung anu aya di Kota Sukabumi. Disatukangeun éta, ieu panalungtikan tangtu loba kahéngkérana. Dipiharep keur kahareupna, mugya aya anu nuluykeun nalungtik ngeunaan ngaran-ngaran tempat di Kota Sukabumi.

Ngaran Sukabumi ka asup kana aspék sosial. Sukabumi anu miboga harti resep dumuk atawa suka beumén-bumén, tangtu bakal ka titén tina ngaran-ngaran kampungna. Ngaran-ngaran kampung anu aya di Kota Sukabumi bakal nyoko kana ngaran Sukabumina sorangan. Dumasar kana éta, naha henteu ngaran-ngaran kampung anu geus diganti, bisa dibalikeun deui kana ngaran asalna. Patali jeung kasangtukang sajarah anu lumaku di éta tempat.

